

ID kliyan an _____

Dat administrasyon: _____

STRÈS, TWOMATIS AK EKSPERYANS NAN ANFANS KI ADVÈS

KLİYAN AN ADMINISTRE L POUKONT LI

Eksperyans nan anfans ki advès (*Adverse Childhood Experiences, ACES*) [OCHWA]

Fè yon ti reflechi anvan w te gen 18 an...

1. Èske yon paran oswa yon lòt adilt nan kay la souvan oswa trè souvan te konn...
Joure w, ensilte w, denigre w oswa imilye w? oswa aji yon fason ki te fè w pè kote yo ta ka fizikman fè w mal?
 Non
 Wi

2. Èske yon paran oswa yon lòt adilt nan kay la souvan oswa trè souvan te konn...
Pouse w, rale w, kalote w oswa voye yon bagay sou ou? oswa frape w tèlman fò ou te gen mak sou ou oswa ou te blese?
 Non
 Wi

3. Èske yon adilt oswa yon moun ki gen omwens 5 an pi gran pase w te janm... Touche w oswa karese w oswa mande w pou touche pati nan kò yo nan yon fason seksyèl? oswa Eseye oswa reyisi fè sèks nan bouch, sèks nan dèyè, oswa penetrasyon vajinal avè w?
 Non
 Wi

4. Èske w te konn santi souvan oswa trè souvan... Pèsòn nan fanmi w pa t renmen w oswa yo pa t panse ou te enpòtan oswa espesyal? oswa Fanmi w pa t veye youn sou lòt, pa t santi youn pwòch ak lòt, oswa sipòte youn lòt?
 Non
 Wi

Original measure translated for EPINET by the EPINET National Data Coordinating Center.

5. **Èske w te konn santi souvan oswa trè souvan... Ou pa t gen ase manje pou manje, ou te oblige mete rad sal sou ou, epi ou pa t gen pèsòn pou pwoteje w? oswa Paran w yo te twò sou oswa dwoge pou pran swen w oswa pou mennen w kay doktè si w te bezwen sa?**
- Non
 Wi
6. **Èske paran w yo te janm separe oswa divòse?**
- Non
 Wi
7. **Èske manman w oswa bèlmè w: ... souvan oswa trè souvan te konn gen moun ki pouse l, rale l, kalote l oswa voye bagay dèyè l? oswa Pafwa, souvan oswa trè souvan yo konn ba l kout pye, mòde l, ba l kout pwen oswa frape l ak yon bagay ki di? oswa yo Janm kontinye frape l pandan omwen kèk minit oswa yo te menase l ak yon zam oswa yon kouto?**
- Non
 Wi
8. **Èske w te abite ak nenpòt moun ki te gen pwoblèm bwè pou sou oswa tafyatè oswa ki te konn itilize dwòg ilegal?**
- Non
 Wi
9. **Èske te gen yon manm nan fanmi an ki te fè depresyon oswa maladi mantal, oswa èske yon manm nan fanmi an te eseye touye tèt li?**
- Non
 Wi
10. **Èske te gen yon manm nan fanmi an ki te ale nan prizon?**
- Non
 Wi